

# ETAP NAN APLIKASYON POU FON ASISTANS LWAYE A (LOKATÈ)

## ETAP 1

Aplikan an ranpli aplikasyon RRF la sou entènèt la, ansanm avèk:

- Yon kopi kontra lwaye oswa akò lokatè a ki siyen
- Dokimantasyon foto pou chèf kay la
- Enfòmasyon kontak pou mèt kay la/jesyonè pwopriyete a
- Dokimantasyon sou benefis pou chomaj (si aplikab)

Gen yon modèl pou akò lokatè yo ki disponib sou [paj entènèt RRF la](#).

Pou jwenn enstriksyon sou kijan pou telechaje dokiman yo apati telefòn ou, klike [la a](#).

Nan aplikasyon an, rezidan yo kapab fè demann pou yo resevwa lòt mizajou fiti atravè mesaj tèks.

## ETAP 2

Yo evalye aplikasyon an pou detèmine elijiblite. Men kèk rezon ki ka fè yon moun pa kalifye:

- Aplikan an pa yon lokatè ki abite nan Vil Boston
- Aplikan an se yon etidyan atan plen (foultaym)
- Aplikan an resevwa yon bon ki baze sou pwojè oswa yon bon mobil
- Aplikan an gen plis pase 80% nan AMI a

Rezidan yo kapab konteste desizyon yo pa imèl: [RRF@boston.gov](mailto:RRF@boston.gov).

## ETAP 3

Y ap revize aplikasyon yo pou yo asire ke yo ranpli konplètman. Yo pral avize aplikan yo sou pyès jwent ki manke yo.

## ETAP 4

Y ap voye aplikasyon konplè yo bay ajans afilye yo. Ajans afilye yo pral mande dokimantasyon adisyonèl nan men mèt kay la/pwopriyete byen an. Apresa, ajans afilye a pral emèt fon yo.

## ETAP 5

Y ap emèt peman pou asistans lwaye a dirèkteman bay mèt kay la/pwopriyete byen an. Lokatè yo pral resevwa konfimasyon pou asistans ansanm ak yon kopi kontra pwopriyete a ki siyen.